



Pou Piblikasyon Imedya: 07/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON POU KOMISYON SOU ETIK NAN LÒBI AK GOUVÈNMAN

*Yo ka soumèt kòmantè piblik sou nominasyon yo [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a de nan twa kandida Chanm Egzekitif la nan Komisyon Etik la nan Lòbi ak nan Gouvènman (Commission on Ethics in Lobbying and Government) an. Dapre pwosedi Komite Revizyon Endepandan (Independent Review Committee) an ki te adopte nan mwa jen an, piblik la pral gen sèt jou ouvrab pou fè kòmantè sou kandida yo epi answit yo pral prezante yo bay Komite Revizyon Endepandan dwayen lekòl dwa New York yo pou revizyon ak apwobasyon oswa refi pou sèvi nan Komisyon an.

"Komisyon Etik la nan Lobbying ak Gouvènman an pral yon ajans etik endepandan, san patipri ki bay plis transparans ak responsablite pou Nouyòk yo epi ki pral ede retabli konfyans nan gouvènman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m nonmen de ekspè legal endepandan ke yo byen respekte sa yo nan Komisyon an pou konsiderasyon pa Komite Revizyon Endepandan an, epi mwen angaje pou bay Komisyon an ak Komite a nenpòt sipò ki nesèsè pou ede asire yo reyisi nan akonpli misyon yo."

Gouvènè Hochul te premye pwopoze ranplase Komite Konjwen sou Etik Piblik la ak yon nouvo ajans etik endepandan nan kad ajanda [Eta Leta li a an 2022](#). Lejislasyon ki kreye Komisyon Etik nan Lòbi ak Gouvènman an te pase nan tou de chanm lejislati yo epi Gouvènè Hochul [te siyen li an lwa](#) nan dat 9 avril 2022. Komite Revizyon Endepandan an, ki fòme ak dwayen lekòl dwa New York yo, te pibliye [pwosedi](#) pa yo pou evalye kalifikasyon kandida pou Komisyon an nan dat 15 jen 2022.

Yo te nonmen **Michael A. Cardozo** pou sèvi nan **Komisyon Etik nan Lòbi ak nan Gouvènman an**. Mesye Cardozo se yon ansyen Avoka Kòporasyon Vil Nouyòk e kounye a se Patnè an Litij nan Proskauer. Antanke Avoka Kòporasyon Vil Nouyòk ki gen pi lontan an, Mesye Cardozo te dirije depatman jiridik Vil la ki gen 700 avoka depi 2002 jiska 2013, e li te sèvi kòm konseye legal Majistra a, Vil la ak tout ajans li yo. Li gen wòl lidèchip nan konsèy anpil òganizasyon sivik yo ki gen ladan Citizens Union (Inyon Sitwayen), Fon pou Tribinal Modèn (Fund for Modern Courts) yo ak Konsèy Konsiltatif pou Sansibilizasyon Legal (Advisory Board of Legal Outreach); Jij Anchèf Eta

New York la te nonmen li tou pou li prezide Komisyon sou Reminerasyon Lejislatif, Jidisyè ak Egzekitif Eta New York la.

Yo te nonmen **Frederick A. Davie** pou sèvi nan **Komisyon Etik nan Lòbi ak nan Gouvènman an**. Kounye a, Mesye Davie ap sèvi Konseye Estratejik Prensipal Prezidan an nan Union Theological Seminary epi li okipe plizyè wòl lidèchip ekstèn ki gen rapò ak politik piblik ak pwoblèm sosyal, tankou ak Komisyon Racial Justice/Charter Reform nan Vil New York, Komisyon Ameriken pou Libète Relijyon Entènasyonal ak Konsèy Revizyon Plent Sivil Vil Nouyòk la. Anvan sa, Mesye Davie te sèvi nan sektè san bi likratif la nan Public/Private Ventures ak Ford Foundation. Li gen eksperyans tou nan gouvènman minisipal kòm Prezidan Adjwen Minisipalite Manhattan, Chèf Kabinè Adjwen an Majistra pou Afè Kominotè ak Piblik, ak Chèf Kabinè Prezidan Konsèy Edikasyon Vil Nouyòk la.

Yo ka soumèt kòmantè piblik sou nominasyon sa sou entènèt:

<https://governor.ny.gov/ethicscommission>

Komisyon ki gen 11 manm lan sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an pral gen ladann kandida ki soti kote Gouvènè a, Sena a, Asanble a, Kontwolè a, ak Pwokirè Jeneral la, yo tout ap revize pa dwayen lekòl dwa pou apwobasyon oswa refi. Komisyon an pral mache yon lòt jan e avèk plis transparans avèk kondisyon vòt espesyal yo ki elimine, kò a ak vòt yo ki sijè a Lwa sou Reyinyon Piblik la (Open Meetings Law) ak Lwa sou Libète Enfòmasyon an (Freedom of Information Law, FOIL), tout vyolasyon konfidansyalite yo ki pral jwenn Pwokirè Jeneral la, ak pi bon fòmasyon pou pèsonèl la ak avi pou viktim ki souffri malè nan men moun ki komèt zak sou yo. Komisyon an gen obligasyon tou pou li òganize yon reyinyon chak ane pou fè rapò sou aktivite li yo epi tandè opinyon piblik la e li dwe rapòte tout konklizyon li yo nan 20 jou, olye de nan 45 jou anvan sa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418